

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nulis nya éta mindahkeun pikiran atawa rasa kana wangun lambang basa Semi (dina Oktaviani, 2016, kc. 6). Pangajaran nulis téks karangan bahasan budaya sunda mangrupa salah sahiji kompetensi dasar nulis nu aya dina kurikulum 2013. Ku kituna, nulis téks bahasan budaya sunda perlu diajarkeun. Proses diajar ngajar mangrupa proses interaksi antara guru jeung siswa anu mikabutuh inovasi dina métode, média, kurikulum, sarana, jeung prasarana.

Nurutkeun Amanah (2011, kc. 3), masalah anu kapanggih di lapangan ngeunaan pangajaran nulis nya éta kurangna kamampuh siswa medarkeun ide dina wangun tulisan, cara nepikeun materi kurang ngirut minat siswa sarta média anu dipaké nalika proses diajar kurang *vareatif* atawa masih ngagunakeun métode konvensional. Sedengkeun nurutkeun Dimiyati jeung Mudjiono (2013, kc. 237) yén masalah anu kapanggih dina prosés diajar, diantarana sikep diajar siswa kana hiji hal, motivasi, jeung konsentrasi.

Guru salaku pangajar kudu milih média anu éféktif pikeun nepikeun pangajaran sangkan siswa ngarti jeung tangtu kudu bisa ngirut karep siswa sangkan daék nulis kalawan bisa nyieun tulisan basa Sunda anu hadé. Pikeun ngaronjatkeun motivasi diajar basa Sunda sarta kamampuh siswa dina pangajaran nulis bahasan budaya sunda, program Edmodo jadi salah sahiji solusi alternatif nu baris dipedar ku panulis. Nepi ka kiwari aya panalungtikan anu kungsi dilaksanakeun maké Edmodo nya éta mahasiswa jurusan teknologi pendidikan Universitas Indonesia, Andi Ramdani angkatan 2009 nu judul skripsina nya éta “Penggunaan Aplikasi Manegement Learning System (Lms) Edmodo Berbasis Android Terhadap Hasil Belajar Siswa Pada Mata Pelajaran Kkpi”

Salah sahiji tarékah pikeun nungkulan masalah di luhur nya éta maké média pangajaran husus, saperti média pangajaran berbasis teknologi. Téhnologi dina atikan dimangpaatkeun pikeun méré inovasi-inovasi anyar, boh média pangajaran

boh tiori kombinasi dina widang nu patali jeung téhnologi. Panulis miboga karep ngalarapkeun ieu aplikasi *learning management system* (LMS) Edmodo pikeun panalungtikan anu judulna “*APLIKASI LEARNING MANAGEMENT SYSTEM (LMS) EDMODO PIKEUN PANGAJARAN NULIS BAHASAN BUDAYA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII F SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2016/2017)*”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis bahasan budaya siswa kelas VIII F SMP Negeri 5 Bandung saméméh maké aplikasi LMS Edmodo?
- b. Kumaha kamampuh nulis bahasan budaya siswa kelas VIII F SMP Negeri 5 Bandung sabada maké aplikasi LMS Edmodo?
- c. Naha aya ngarojatna kamampuh nulis bahasan budaya siswa kelas VIII F SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2016/2017 saméméh jeung sabada maké aplikasi LMS Edmodo?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngalarapkeun aplikasi LMS Edmodo dina pangajaran nulis bahasan budaya siswa kelas VIII F SMP Negeri 5 Bandung.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun,

- a. Kamampuh nulis bahasan budaya siswa kelas VIII F SMP Negeri 5 Bandung saméméh maké aplikasi LMS Edmodo;

- b. Kamampuh nulis bahasan budaya siswa kelas VIII F SMP Negeri 5 Bandung sabada maké aplikasi LMS Edmodo;
- c. Bédana kamampuh nulis bahasan budaya siswa kelas VIII F SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 saméméh jeung sabada maké aplikasi LMS Edmodo.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun anu mikabutuh pangaweruh ngeunaan aplikasi LMS Edmodo dina pangajaran nulis bahasan budaya siswa maké basa Sunda.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan di antarana sakumaha dipedar ieu di handap.

- a. Pikeun siswa, alternatif pangajaran pikeun nulis kajian bahasan budaya maké basa Sunda, sarta ngébrehkeun ide dina wangun tinulis leuwih bisa kalatih maké aplikasi LMS Edmodo.
- b. Pikeun guru, ieu aplikasi LMS Edmodo bisa dijadikeun média alternatif pangajaran pikeun ngarojatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan basa sunda.
- c. Pikeun paélmuan, nambahan variasi pangajaran sangkan leuwih variatif jeung henteu monoton.
- d. Pikeun panalungtik, nambahan pangaweruh ngeunaan kamampuh nulis bahasan budaya maké basa Sunda saméméh jeung sabada maké aplikasi LMS Edmodo, ngalatih kamampuh dina naluntik, nambahan referensi pangajaran pikeun prak-prakan ngajar di lapangan.

- e. Pikeun nu maca, nambahan pangaweruh ngeunaan aplikasi LMS Edmodo dina pangajaran nulis bahasan budaya siswa maké basa Sunda.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Eusi dina ieu skripsi téh aya lima Bab.

Bab I ngawengku bubuka, anu eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II ulikan pustaka, eusina ngeunaan wangenan nulis bahasan budaya, aplikasi LMS (*Learning management system*) Edmodo, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III métodeu panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV hasil jeung pedaran, anu eusina ngawengku hasil panalungtikan, sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab V kacindekan jeung rékoméndasi. Kacindekan mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Sangkan ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun ka hareupna, dina ieu bab ditambahan subbab rékoméndasi anu ditepikeun ku nu nulis ka nu maca.